

Lwa sou Swen Abòdab (The Affordable Care Act, ACA) te fè yon gwo enpak sou sistèm swen sante nou yo ak fason asirans fonksyon. Li te fèt pou fè kouvèti asirans sante yo pi jis, plis abòdab epi fasil pou konprann. ACA te elajou tou elijibilite pou moun antre nan Medicaid yon fason pou kouvri plis moun ki gen revni pi ba e li te kreye yon mache asirans sante.

Mache Asirans Sante a (Health Insurance Marketplace) se yon fason pou moun achte, konpare ak enskri nan kouvèti sante prive oswa piblik. Asistans finansye disponib si ou kalifye pou yo ede w diminye pri kouvèti a. Sit entènèt sa a se sitou pou:

- + Moun ki pa gen asirans nan yon travay oswa ki pa gen Medicare
- + Nouyòkè ki gen ant 18 ak 65 lane
- + Ti biznis nan New York ki gen 100 oswa mwens anplwaye yo

Tanpri vizite nystateofhealth.ny.gov pou plis enfòmasyon.

Kisa yon asirans komèsyal oswa prive ye?

Asirans komèsyal yo se konpayi asirans prive ki jere yo epi anjeneral yo ofri yo atravè travay ou. Sa vle di patwon ou an pataje yon pati nan pri a nan achte asirans lan. Si patwon ou pa ofri plan asirans, Health Insurance Marketplace la disponib pou moun yo achte asirans komèsyal.

Kisa yon asirans piblik ye?

Asirans sante piblik fè pati pwogram gouvènman an sipòte yo tankou Medicaid ak Medicare. Medicaid ede moun ki elijib ki gen ti revni jiska revni ki mwayen peye pou asirans sante. Si ou ansezt epi ou poko gen 18 lane, ou ka aplike pou Medicaid kèlkeswa sitiyasyon w antanke imigran oswa kèlkeswa revni ou. Tanpri vizite www.health.ny.gov/health_care/medicaid/ pou plis enfòmasyon.

Kisa yon plan swen kowòdone ye?

Plan swen kowòdone yo se plan asirans sante ki gen kontra ak founisè swen sante ak/oswa etablisman medikal pou bay swen a yon pri ki pi ba. Gen diferan kalite plan swen kowòdone tankou: HMO, PPO, POS ak EPO (gade definisyon tèm yo).

Kisa pwogram sante pou etidyan yo ye?

Etidyan yo souvan oblige gen asirans sante, kidonk inivèsite yo ka ofri asirans sante bay etidyan yo ke yo rele pwogram sante pou etidyan (student health program, SHP). Etidyan yo ka bezwen enskri nan yon SHP oswa pwouve ke yo gen lòt kouvèti asirans ki omwen bay menm avantaj la ("kovèti konparab"). Tanpri met nan tèt ou ke kouvèti SHP yo ka pa ase si ou gen yon kondisyon medikal kwonik oswa si ou ap pran medikaman regilyèman.

Kouman mwen ka antre nan asirans sante paran mwen an?

Si paran ou gen asirans sante nan travay li, ou ka souvan rete sou plan yo jouk laj 26 lane, ak nan kèk ka jiska laj 29 lane, men sa a varye selon asirans lan. Malerezman, pou pi plis tan ou ka rete sou plan Medicaid fanmi an se jiska laj 19 lane. Si ou ta renmen chache swen seksyèl ak repwodiktif ki konfidansyèl, ou ka enterese nan aplike pou Pwogram Avantaj Planin Familyal la (Family Planning Benefits Program, FPBP) pou asire w ke sèvis sa yo peye apa san yo pa antre nan plan asirans paran ou. Tanpri al gade paj resous la pou plis enfòmasyon.

Kisa mwen ta dwe konsidere lè mwen chwazi yon plan sante?

+ Pri:

- Prim chak mwa: konbyen lajan ou peye chak mwa pou plan asirans lan
- Dediktib: konbyen lajan ou peye ki soti nan pòch pou swen anvan asirans lan peye
- Ko-asirans ak kopeman: Depans ki soti nan pòch ou pou vizit kay doktè (swen prensipal ak espesyalite), preskripsyon, elatriye.

+ Sèvis ki kouvri:

gade si plan an kouvri sante mantal, sèvis pou dan ak preskripsyon yo

- + **Sa ki pa nan plan an:** ki sèvis plan ou an pa kouvri
- + Konbyen vizit kay doktè ou panse ou ka bezwen pandan ane a (konsidere si ou gen nenpòt maladi kwonik ki ka mande pou w vizite doktè yon mannyè regilye)
- + Konbyen fwa ou bezwen medikaman
- + Kouvèti pou doktè ou yo ak espesyalis yo: sa ki nan rezo a ak sila yo ki pa nan rezo a (gade definisyon tèm yo)
- + Disponibilite yon kont depans fleksib oswa yon kont epay sante nan men patwon ou pou ede diminye nenpòt depans nan lavni

Kouman andikap gen enpak sou asirans sante?

Si ou gen yon andikap epi ou pa kapab travay akoz de sa, ou ka rete sou asirans sante prive paran ou menm apre ou fin gen 26 lane. Ou ka bezwen soumèt dokiman anplis pou konplete pwosesis sa a. Tanpri wè avèk asirans ou pou plis enfòmasyon.

Si ou gen yon andikap epi ou kouvri nan plan asirans Medicaid paran ou, ou dwe chanje nan pwòp plan asirans Medicaid ou lè ou gen 19 lane. Pou paran ou kominike ak plan asirans ou an, ou dwe siyen yon fòm pou ba yo dwa a.

Yon Gid Asirans Sante pou Jèn Adilt

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

NYC | **YOUNG MEN'S
INITIATIVE**



Eskane kòd QR sa a ak telefòn entelijan
ou an pou w jwenn aksè a ti liv sa a sou entènèt!



RETE KONEKTE. SWIV NOU.

www.nychealthandhospitals.org



Kisa asirans sante ye?

Asirans sante se yon fason pou peye pou swen sante ou. Li pwoteje ou pou ou pa peye tout frè sèvis medikal yo si ou resevwa yon domaj oswa si ou malad. Chak plan asirans sante differan epi yo kouvri differan depans medikal.

Poukisa asirans sante enpòtan?

Gen anpil rezon:

- + **Li pwoteje ou** nan peye gwo depans medikal sanzatann yon sèl kou.
- + **Li pèmèt ou peye mwens** pou kèk sèvis swen sante ke plan asirans ou an kouvri.
- + **Li ba ou aksè a swen gratis** pou anpeche kèk maladi, tankou vaksen, tchèkòp ak tès depistaj.

Nòt: Tanpri tcheke avèk founisè asirans ou a pou wè ki sèvis ki kouvri nan plan ou an. Gen kèk sèvis yo ka konplètman kouvri pandan ke gen lòt yo ka kouvri an pati oswa yo ka pa kouvri yo ditou.

Ki kote mwen ka jwenn asirans sante?

- + Travay ou/patwon ou
- + Fakilte ou/inivèsite (Pwogram Sante Pou Etidyan)
- + Mache asirans sante
 - Asirans sante komèsyal
 - Medicaid
- + Asirans sante paran/gadyen ou an

E si mwen pa gen asirans sante?

- + Ou pral responsab pou kouvri kèk, si se pa tout, nan depans swen sante ou.
- + Ou ka oblige fè yon peman si ou pa gen kouvèti minimòm esansyèl la oswa yon franchiz kouvèti lè ou ap depoze deklarasyon enpo ou an. Pou chèche konnen si w ap bezwen fè yon peman oswa si ou kalifye pou yon franchiz, tanpri vizite: www.irs.gov/affordable-care-act/individuals-and-families/aca-individual-shared-responsibility-provision-calculating-the-payment

Si ou pa gen asirans ak/oswa ou pa fin sèten sou kòman ou kapab jwenn li, resous ki vin annapre sa yo ka itil:

- Mache Asirans Sante nan Eta New York:** Mache asirans sante ki baze nan eta a fè li fasil pou moun, fanmi ak ti biznis nan New York achte kouvèti sante ki abòdab. nystateofhealth.ny.gov/hcfany.org/
- Health Care for All:** Yon òganizasyon publik ki bay enfòmasyon sou aksè a swen sante, sipò legal, òganizasyon kominotè ak edikasyon publik.

Resous

Pwogram Avantaj Planin Familyal la (FPBP):

Yon pwogram asirans sante publik pou Nouyòkè ki bezwen sèvis planin familyal, men ki ka pa kapab peye yo www.health.ny.gov/health_care/medicaid/program/longterm/familyplanbenprog.htm

NYC Health + Hospitals:

Sant resous pou asirans New York City Health + Hospitals? www.nychealthandhospitals.org/paying-for-your-health-care/

Sit entènèt Youth Health:

Yon sit entènèt pou adolesan pou resous anplis sou swen sante www.nycyouthhealth.org/html/index.shtml

Sit entènèt Medicaid:

Sit entènèt ofisyèl New York Medicaid la www.health.ny.gov/publications/0548/medicaid.htm

Enfòmasyon sou Sanksyon ki gen rapò ak Taks:

Yon sit entènèt pou plis enfòmasyon sou sanksyon ki lye ak taks ansanm ak franchiz www.healthcare.gov/fees/fee-for-not-being-covered/nystateofhealth.ny.gov/exemptions.html

Healthcare.gov:

Yon richès nan enfòmasyon jeneral, ki gen ladan yon glosè ki gen definisyon tèm swen sante yo www.healthcare.gov/ www.healthcare.gov/glossary/

Enfòmasyon lalwa sou "29 lane":

Enfòmasyon sou si ou ka kontinye benefisyé kouvèti asirans paran w apre w fin pase laj 26 lane www.dfs.ny.gov/consumers/health_insurance/cobra_and_premium_assistance

Si ou pa gen asirans ak/oswa ou pa fin sèten sou kòman ou kapab jwenn li, resous ki vin annapre sa yo ka itil:

Mache Asirans Sante nan Eta New York:

Mache asirans sante ki baze nan eta a fè li fasil pou moun, fanmi ak ti biznis nan New York achte kouvèti sante ki abòdab. nystateofhealth.ny.gov/hcfany.org/

- Health Care for All:** Yon òganizasyon publik ki bay enfòmasyon sou aksè a swen sante, sipò legal, òganizasyon kominotè ak edikasyon publik.

Definisyon tèm yo

Dediktib: Kantite lajan ke ou dwe peye pou depans swen sante anvan asirans kouvri depans yo. Souvan, plan asirans yo baze sou yon kantite dediktib pa ane.

Eksklizyon: Kondisyon, tretman ak lòt sèvis ke yon plan sante pa pral kouvri. Sa yo dwe byen klè nan dokiman yo ba ou sou plan ou an.

Founisè Eksklizif (Exclusive Provider Organization, EPO): Yon plan asirans swen sante ke yo jere kote sèvis yo kouvri sèlman si ou itilize doktè, espesyalis, oswa lopital nan rezo plan an (eksepte nan yon ka ijans).

Founisè ki nan Rezo a: Doktè ki gen yon kontra avèk plan asirans sante ou, kidonk ou peye mwens kòb nan pòch ou lè ou wè yo.

Founisè ki pa nan Rezo a: Doktè ki pa gen yon kontra ak plan asirans sante ou a, kidonk, ou ka peye plis oswa se ka ou menm ki peye tout frè yo si se nan men yo ou al konsilte.

Organizasyon Founisè Prefere (Preferred Provider Organization, PPO):

Yon kalte plan asirans sante kote ou peye mwens si ou itilize founisè nan rezo plan an. Ou ka itilize doktè, lopital, ak founisè andeyò rezo a san yon referans pou yon frè anplis.

Ko-asirans: Kantite lajan ke ou oblige peye pou sèvis swen sante, apre yo fin peye yon dediktib. Ko-asirans souvan espesifye kòm yon pousantaj nan pri total la. Pa egzanp, ou ka peye 20 pousan nan depans pou yon sèvis epi konpayi asirans ou an ka peye 80 pousan.

Ko-peman: Yon kantite lajan fiks ou peye pou sèvis swen sante ou a anjeneral nan moman vizit ou an. Anjeneral, plan ki gen pi ba prim chak mwa ko-peman yo pi wo alòske plan ki gen pi wo prim chak mwa anjeneral ko-peman yo pi ba.

Kont Depans Fleksib (Flexible Spending Account, FSA): Yon kont ou mete sou pye pou patwon ou peye pou pifò depans medikal ke asirans ou an pa kouvri yo. Patwon ou an ap dedwi otomatiikman yon kantite lajan anvan taks (kantite lajan an ap vareye) nan chèk ou. Men tou, si ou pa sèvi ak tout lajan ki nan kont lan nan fen ane a, ou ap pèdi li.

Kont Sante Epay (Health Savings Account, HSA): Li menm jan ak kont depans fleksib la, eksepte si ou pa sèvi ak lajan an nan fen ane a, ou pa pèdi li, li pral ajoute sou lòt ane k ap vini an.



Maksimòm/Limit Kòb ki sot nan pòch ou: Pi plis kantite kòb ou pral gen pou peye pou sèvis ki kouvri nan yon ane plan. Apre ou fin depanse kantite lajan sa a sou dediktib, kopeman, ak ko-asirans pou swen an rezo ak sèvis, plan asirans ou an peye 100% nan depans avantaj ki kouvri sa yo.

Maladi kwonik: Yon kondisyon medikal ki dire plis pase 3 mwa epi anjeneral ki bezwen swen san kanpe.

Prim: Kantite lajan ou peye pou w yon manm nan yon plan sante, anjeneral se chak mwa ou peye l.

Pwen Sèvis (Point of Service, POS): Yon kalte plan asirans sante kote ou peye mwens si ou itilize doktè, lopital, ak lòt founisè swen sante ki fè pati rezo plan an. Plan POS yo mande pou ou jwenn yon referans nan men doktè swen primè ou an pou w ka wè yon espesyalis.

Pwogram Avantaj Planin Familyal la (FPBP): FPBP se yon pwogram asirans sante publik pou Nouyòkè ki bezwen sèvis planin familyal, men ki ka pa kapab peye yo. Li fèt tou pou ogmante aksè nan sèvis konfidansyèl sante seksyèl ak repwodiksyon. Gade paj resous la pou plis enfòmasyon.

Òganizasyon Antretyen Sante (Health Maintenance Organization, HMO): Yon kalte plan asirans sante ki anjeneral limite kouvèti a sèlman swen nan men doktè ki travay pou HMO oswa ki gen kontra ak li. Jeneralman yo pa kouvri swen ki pa an rezo eksepte nan ka yon ijans. Yon HMO ka mande pou ou viv oswa travay nan zòn sèvis li yo pou ou elijib pou kouvèti li yo. HMO souvan bay swen kowòdone epi swen li yo konsantre sou prevansyon ak byennèt.